

**MAJAS PERBANDINGAN, PENEGASAN, LAN SINDIRAN SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN LAYANG  
SAKA KEKASIH ANGGITANE R. DJOKO PRAKOSA  
(Tinting Stilistika)**

**REZKY SOFFAN HADI**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[rezkysoffanhadi@gmail.com](mailto:rezkysoffanhadi@gmail.com)

**Dr. Surana S.S, M.Hum**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Antologi geguritan *Layang Saka Kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa minangka karya sastra kang endah, mligine ngenani *permajasan*. Uderan panliten, yaiku: (1) kepriye wujud majas perbandingan sajrone antologi geguritan *Layang Saka Kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa? (2) kepriye wujud majas penegasan sajrone antologi geguritan *Layang Saka Kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa? (3) kepriye wujud majas sindiran sajrone antologi geguritan *Layang Saka Kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa?

Mula ing panliten iki bakal dianalisis nggunakake tintingan stilistika. Stilistika minangka ilmu kang nliti panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra. Panliten iki nggunakake teori-teori kang gegayutan karo lelewane basa. Teori kang wigati sajrone panliten iki yaiku nengenake ngenani *permajasan*. Metode kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metode deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku arupa antologi geguritan *Layang Saka Kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa. Dhata sajrone panliten iki yaiku awujud tembung-tembung lan ukara-ukara kang ngandhut anane majas sing digunakake dening penggurut. Dhata-dhata kasebut dikumpulake kanthi teknik maca, nyimak, cathet, lan nglasifikasi. Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik analisis deskriptif.

Asile panliten nuduhake majas perbandingan sajrone antologi geguritan LSK ngemu 11 majas perbandingan, yaiku majas personifikasi, depersonifikasi, metafora, alegori, hiperbola, litoses, simile, hipalase, eponim, simbolik, lan anantomasia. Banjur majas penegasan ana 4 majas, yaiku majas pleonasme, repitisi, retorik utawa erotesis, lan aferesis. Dene kang pungkasan yaiku majas sindiran ana 2 majas yaiku majas ironi, lan sinisme.

Kata kunci: majas perbandingan, majas penegasan, majas sindiran utawa pasemon.

**PURWAKA**

**LELANDHESANE PANLITEN**

Manungsa diciptakake dening Gusti Kang Maha Agung kanthi sinartan cipta, rasa, lan karsa. Kanthi pinaringan tetelu kuwi mau, manungsa bisa nduwe pepenginan mujudake ekspresine, salah sawijine yaiku awujud sastra. Gegayutane karo babagan iku, bisa ditegesi menawa sastra lan manungsa kuwi ora bisa dipisahake. Tegese babagan sastra kuwi ora bisa uwal saka panguripane manungsa, semana uga manungsa uga saben uripe mesthi ana unsur-unsur sastra kang digunakake. Sastra bisa disa digunakake minangka kaca benggala saka kedadeyan-kedadeyan kang nyata saka uripe manungsa. Karya sastra bisa dumadi saka *pengalaman-pengalaman* utawa prastawa sing nate dialami dening pangripta.

Geguritan mujudake karya sastra Jawa Modern kang ora bisa dipisahake saka sastra Jawa tradhisional. Sastra Jawa Modern antuk pangaribawa saka sastra Jawa Tradhisional. Pangaribawane arupa wujud estetis utawa

kaendahan, utamane kaendahane geguritan. Puisi ing sastra Jawa tradhisional awujud tembang. Saliyane tembang, puisi wis ana wiwit Jawa Kuna kang awujud Kakawin, banjur Jawa Tengahan kang awujud Kidung. Tembang yaiku sawijine puisi kang tata carane maca yaiku dilagokake utawa ditembangake, kanthi titi laras (Sukamti sajrone Suwarni, 2016:20). Tembang lan geguritan nduweni aturan kang beda. Geguritan asipat bebas, senajan bebas geguritan isih nengenake paugeran tartamtu, nanging ora kaiket dening paugeran kuna, dene tembang kaiket dening jinis tembang, paugeran lan watak saben tembang kang diripta.

Geguritan mujudake wohing kasusastran Jawa gagrag anyar. Salah sawijine geguritan yaiku antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa. Muncule geguritan iki ora beda karo muncule novel apadene cerkak ing kasusastran Jawa, kang mujudake bukti yen basa lan kasusastran Jawa isih terus ngrembaka. Basa kang digunakake dening pangripta

anggone nulis geguritan nggunakake basa kang endah lan nduweni pamikiran *kreatif* awujud basa tulis.

Antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" (sabanjure dicekak LSK), dipilih dadi wose rembug panliten jalaran R. Djoko Prakosa mujudake penggurit sing wis akeh antuk pangalembana amarga karya sastra kang diripta, mligine ngripta geguritan ing jagad kasusastran Jawa. Salah sawijine karya sastrane yaiku antologi geguritan "*Layang saka kekasih*". Kaping pindhone sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" iki ngemu bab lelewane basa sing njalari tuwuhe surasa kaendahan. Mula saka kuwi, antologi geguritan iki didadekake objek panliten. "LSK" nduweni maksud kanggo mblakake rasa lan gegayuhan lumantar lelewane basa. Geguritan-geguritan kang cacache ana 111 iku didadekake sawijine antologi banjur diterbitake kanggo ngrembakake kasusastran Jawa modern mligine ngenani geguritan. Antologi iki diterbitake dening penerbit Elmatera Publishing wulan Juli taun 2011. Kajaba iku, yen ditilik saka irah-irahane "*Layang saka kekasih*" bisa digambarake kaya ngapa polahe pawongan nalika nampa *layang saka kekasih* kang wis suwe ora bisa sapatemon. Bisa diarani suwe ora bisa sapatemon amarga sang kekasih ngirimi layang, yen ta wis kerep ketemu mokal yen sang kekasih ngirimi layang.

Ing stilistika, punjere rembug yaiku *style* utawa gaya. Maksud yaiku gaya digunakake dening pangripta kanggo ngandharake maksud kanthi nggunakake sarana basa. Lelewane basa bisa arupa majas. Majas kuwi diarani basa *arkhais* utawa basa kiasan. Majas umume digunakake kanggo nguatake kesan kanthi tulisan lan lisan kang bisa nuwuhake rasa *imajinatif* tumrap para pamacane. Pangerten majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilei *estetik* (Ratna, 2008:164). Majas uga minangka cara panulis kanggo medharake pikirane lumantar basa khas lan endah kang bisa nuduhake kapribadhene panulis. Panganggone majas kudu bener tur pener, amarga saka panganggone majas kang bener bisa menahi daya pangaribawa tumrap para pamaca supaya bisa mbayangake kanthi imajinatif geguritan kang lagi diwaca, lan kaya-kaya pamaca mlebu sajrone geguritan kuwi.

Adhedhasar andharan kasebut, mula panliti milih antologi geguritan *Layang saka kekasih* minangka objek panliten. Amarga R. Djoko Prakosa iku minangka panulis kang jenenge wis kondhang ing jagad kasusastran Jawa sarta antologi geguritan anggitane R. Djoko Prakosa iki kagolong anyar. Saliyane kuwi sajrone antologi geguritan kasebut akeh ditemokake babagan ngenani *permajasan*. Mligine yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Sajrone antologi geguritan uga ditemokake tema kang paling onjo yaiku tema "katresnan". Katresnan kang dimaksud ing geguritan kasebut ora mung ngandharake tresnane antarane wong lanang karo wong wadon wae, nanging uga tresna marang Gusti Pengeran.

Adhedhasar panjlentrehan kasebut, mula panliti kepengin nitingi antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa kanthi nggunakake titingan

stilistika. Titingan stilistika nduweni peran kanggo nganalisis kang awèh gegambaran kang jangkep ngenani nilai sawijine karya sastra. Titingan ing panliten iki ngandharake bab lelewane basa mligine ngenani majas minangka perangan kang paling onjo sajrone antologi geguritan iki. Tuladhane bisa diwawas sajrone cuplikan iki "*ati lan graita gemulung bareng ombak*", cuplikan kasebut minangka tuladhane perangan majas *perbandingan* yaiku majas metafora. Basa kang digunakake R. Djoko Prakosa anggone nggurit dudu basa kang digunakake saben dinane nanging basa-basa kang nduweni surasa kaendahan, saengga bisa narik kawigatene pamaca lan ndadekake geguritan kuwi saya endah.

Mula, kaya kang wis diandharake ing ndhuwur mau majas kang bakal diteliti ing panliten iki yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Awit miturut panliti majas-majas kasebut kalebu majas kang onjo sajrone antologi geguritan kasebut. Mula saka kuwi, sajrone panliten iki diwenehi irah-irahan "Majas Perbandingan, Penegasan, Lan Sindiran Sajrone Antologi Geguritan *Layang saka kekasih* Anggitane R. Djoko Prakosa".

#### UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesane panliten kang diandharake ing ndhuwur, bisa didudut underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye wujud majas *perbandingan* sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa?
- 2) Kepriye wujud majas *penegasan* sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa?
- 3) Kepriye wujud majas *sindiran* sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa?

#### ANCASE PANLITEN

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten yaiku:

- 1) Njlentrehake wujud majas *perbandingan* sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa.
- 2) Njlentrehake wujud majas *penegasan* sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa.
- 3) Njlentrehake majas *sindiran* sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa.

#### PAEDAHE PANLITEN

- 1) Kanggo panliten sastra, panliten iki dikarepake bisa menahi sumbangsih tumrap pangrembakane panliten sastra kanthi nggunakake titingan stilistika mligine ing bab geguritan.
- 2) Kanggo pamaos, panliten iki bisa menahi pambiyantu kanggo ngrembakake karya sastra kang saya suwe saya mungkret.
- 3) Kanggo piwulangan sastra, panliten iki bisa didadekake minangka sumber informasi nalika

menehi piwulang bab karya sastra mligine geguritan kang ditintingi nganggo tintingan stilistika.

### WEWATESANE TETEMBUNGAN

Bab kang bakal diandharake sajrone panliten iki perlu diwatesi supaya ora mblarah teka ngendi-endi. Amarga sajrone antologi iki kasusun saka kumpulan geguritan. Gurit kang bakal diwedhar uga ora kabeh gurit sing isine ana 111 judhul geguritan, nanging mung bakal medhar geguritan kang nduweni temasing padha.

Kantheni wewatesan panliten iki diajab anggone nlliti ora bakal ana bab kang nggrambyang lan bisa dititiki kantheni cetha. Wewatesan panliten iki yaiku geguritan ing antologi LSK anggitane R. Djoko Prakosa kang diterbitake dening Elmatara Publishing taun 2011, karakit saka total 111 kaca lan 20 geguritan kantheni tema padha.

### PANJLENTREHAN TETEMBUNGAN

- 1) Geguritan  
Pamikiranane manungsa kantheni konkrit lan artistik sajrone basa emosional uga nduweni wirama (Dunton sajrone Pradopo, 2012:6). Maknane yaiku geguritan disusun kantheni artistik (pamilihe tembung pas, slaras), basane kebak rasa pangrasa, lan nduweni wirama kaya musik (Pradopo, 2012:6).
- 2) Stilistika  
Ilmu ngenani gaya utawa *style*, ngenani cara kang khas, kepriye sakabehane perkara diandharake kantheni cara tartamtu, saengga tujuwan kang dimaksudake bisa digayuh kantheni maksimal (Ratna, 2016:3).
- 3) Lelewane Basa  
Sajrone karya sastra, istilah gaya utawa *style* ngandhut teges cara sawijine pangripta mujudake gagasane, kantheni nggunakake medhia basa kang endah lan nduweni makna kaanan kang bisa nggawa pangribawa pamikire, rasa lan nepsune (Aminudin, 2000: 72).
- 4) Majas  
Majas yaiku cara ngungkapake pikiran lumantar lelewane basa sing khas utawa mligi kang nuduhake jiwa kapribadhene panulis (Tarigan sajrone Prasetyono, 2011:12). Pangerten majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilai *estetik* (Ratna, 2008:164).

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten Yahya Fachrudin kantheni irah-irahan *Pamilihe Tembung lan Lelewane Basa ing Antologi Geguritan Kidung Saka Bandungan Anggitane Rini Tri Puspohardini* ing taun 2010. Asil panlitene yaiku kang paling onjo sajrone panliten iki ngenani pepindhan, tembung entar, makna tembung, bebasan, lan gegambaran angen.

Wulandari (2012), kantheni irah-irahan "*Pamilihing tembung lan lelewanebasa sajrone antologi geguritan "ombak wengi" anggitane Yusuf Susilo Hartono (Tintingan Stilistika)*". Panliten iki ngandharake tema kang digunakake ing geguritan iku akeh-akeh ngandharake tema social, saliyane iku lelewane basa kang ana ing geguritan-

gegritan iku awujud purwakantheni guru sastra, purwakantheni guru swara, purwakantheni guru lumaksita, rima, eklamasio, erotisme, wujud pepindhan, tembung entar lan uga citraan.

Panliten Meriya Puspitasari (2015), kantheni irah-irahan *Pamilihe Tembung lan Lelewane Basa Sajrone Antologi Geguritan Bakal Terus Gumebyar Anggitane Suci Hadi Suwita*. Ing panliten iki *objek* panliten yaiku antologi geguritan. Panliten njelentrehake ngenani titi swara, titi tembung, titi ukara, titi makna, lan uga makna geguritan.

Panliten ngenani kaendahanane basageguritan kang nggunakake tintingan stilistika wis akeh ditliti, antarane yaiku ditliti Isyomumudin (2016) kantheni irah-irahan *Pamilihe Tembung lan Lelewane basa sajrone Antologi Geguritan Layang saka kekasih anggitane Suharmono Kasium (Tintingan Stilistika)*. Panliten iki isine ngandharake pamilihe tembung lan lelewane basa. Pamilihe tembung kang digunakake sajrone panliten yaiku ragam basa, purwakantheni, titi tembung lan titi makna.

Adhedhasar andharan ngenani panliten kang wis ditindakake sawetara panliten mau mung ngrembug bab struktur salah sawijine karya sastra, nanging ora kadeleng saka apa sejatine daya lan panganggone lelewane basa tumrap karya sastra. Mula kantheni mangerteni panliten kang wis ditindakake panliti bisa oleh gambaran ngenani panliten kang bakal ditindakake. Saliyane kuwi, panliten iki diajab bisa luwih njangkepi bab-bab kang durung ana mligine ngenani majas. Amarga geguritan nduweni basa kang khas lan mirunggan kang bisa nuwuhake rasa. Ing kasunyatan, pangripta nggunakake dayane pengalaman sosial, alam kantheni basa minangka saranane.

Panliten ing kene ngandharake wujud majas kang ana sajroning guritan-guritan R. Djoko Prakosa kang kapacak ing antologi geguritan "*Layang saka kekasih*". Bedane panliten iki karo panliten sadurunge yaiku kang sepisan panliten iki nduweni objek kang durung nate ditliti utawa dirembug dening panliti liyane. Kaping pindhone panliten iki ngandharake wujud majas kang digunakake dening R. Djoko Prakosa anggone ngripta geguritanane. Dadi bisa didudut menawa panliten iki beda karo panliten-panliten sadurunge.

#### Geguritan

Geguritan minangka karya sastra kang kawangun saka unsur puitis. Geguritan karonce nggunakake tembung endah lan cekak, senajan mangkono geguritan dudu samubarang kang ora nduweni teges. Ora ana sing bisa weruh isine geguritan yen ora sadhar menawa geguritan iku karya estetis kang nduweni teges, ora mung samubarang kang ora nduweni teges (Pradopo, 2012:1). Geguritan nduweni wujud arupa tetembungan kang cekak, nanging teges kang diasilake luwih jembar dinimbang tembung kang digunakake, amarga tembung kang digunakake awujud tembung endah kang wis kapilih. Tembung lan basa dibutuhake utawa wigati banget tumrap geguritan minangka sarana kanggo njelentrehake kaendahan. Kaendahan geguritan yaiku kaendahan basa (Nurdiyantoro, 2014:217).

Saka pangerten-pangerten kang wis diandharake, kamangka bisa ditegesi yen geguritan yaiku asil karya

panggurit kanggo ngandharake gagasan-gagasan utawa idhe pamikirane kang diandharake lumantar basa kang endah lan cekak. Idhe pamikiran iki bisa saka pangalaman urip lan saka ngendi wae. Sajrone ngripta geguritan mbutuhake penyeleksian tembung supaya tembung kang diasilake bisa endah saengga apa kang dirasakake panggurit padha kaya apa kang dirasakake pamaca.

### Struktur Geguritan

Sajrone geguritan unsur basa mujudake aspek kang wigati, amarga saka basa bisa diweruhi nilai kaendahane. Kaya kang diandharake Nurgiyantoro (2014:70) sawijine geguritan kang ora bisa nampa momen puitis, ora bisa nggunakake aspek basa, bisa diarani wurung minangka sawijine geguritan kang kudu kebak aspek kaendahan lan makna kang ana sajrone geguritan kasebut. Geguritan mujudake polatan saka pamikiran kang nuwuhake rasa pangrasa, saengga nuwuhake pangangen-angen panca driya sajrone urutan kang nduweni wirama (Pradopo, 2012:7).

Geguritan nduweni struktur sing kaperang dadi loro, yaiku struktur lair lan struktur batin (<http://id.m.wikipedia.org/puisi>). Struktur lair geguritan bisa kaperang dadi patang perangan, yaiku:

#### 1) Wirama

Kabeh sing dibolan-baleni kanthi ajeg diarani wirama. Wirama sajrone basa yaiku munggah-mudhune, dhuwur-cindheke, banter-aluse swara basa sing teratur (Pradopo, 2012:40). Wirama mujudake swara sing dibolan-baleni, nduweni pola sing ajeg lan variasine swara mau bisa nyebabake obah. Wirama kaperang dadi loro yaiku metrum lan ritme. Metrum yaiku wirama sing ajeg, tegese wis nduweni pola tartamtu. Bab kasebut disebabake saka jumlah tembung padha saengga swara munggah lan mudhune ajeg. Dene ritme yaiku wirama sing disebabake pertentangan utawa pergantian swara dhuwur cindhek sing teratur, nanging ora nduweni jumlah tembung sing ajeg. Kanthi anane wirama, saliyaneg geguritan keprungu endah, gampang diwaca, uga bisa nyebabake rasa pangrasa utawa pamikiran bisa terkonsentrasi saengga nuwuhake bayangan/ imaji sing genah lan nyata. Wirama wis ana wiwit kasusastraan Jawa Kuna kang awujud kakawin. Kakawin kawangun saka kombinasi rong tembung sing dawa lan abot diarani guru, dene tembung sing entheng lan cendhek diarani laghu. Wirama tuwuh amarga ana tembung lan pada sing dibolan-baleni. Saliyaneg kuwi uga disebabake saka tembung seru lan lirih, disebabake saka dawa-cindheke tembung lan disebabake saka gatrane. Wirama ora akeh ditemokake sajrone geguritan modern, amarga nduweni jumlah tembung lan gatra sing ora ajeg.

#### 2) Tembung konkret

Slamet Muljana (sajrone Pradopo, 2012:48) ngandharake yen geguritan bisa nduweni nilai seni, yen pangalaman jiwa minangka dhasare bisa didadekake tembung. Tembung konkret sing dimaksud antarane yakuwi perbendaharaan tembung sing diweruhi panggurit, pamilihe tembung lan apa wae sing nduweni gegayutan marang struktur tembung sing digunakake nalika ngronce geguritan saengga nuwuhake geguritan kang tuwuh saka pangalaman jiwane panggurit. Tembung sing digunakake panggurit nalika ngronce geguritan diarani *kata berjiwa*

(Slametmuljana sajrone Pradopo, 2012:48). *Kata berjiwa* disebut uga stilistika, sing sajrone tembung wis diisi ngenani rasa pangrasane panggurit, wis diwenehi surasa tartamtu. Panggurit kudu nggunakake tembung sing seje marang tembung sing digunakake saben dina. Amarga basa padinan durung bisa nggambarake apa sing dialami dening jiwane panggurit (Slametmuljana, sajrone Pradopo, 2012:49). Tembung konkret dikarepake bisa nggambarake kanthi trep marang apa sing kepengin diandharake dening panggurit, saengga bisa nuwuhake surasa kang nyata bisa dirasakake pamaca uga. Apik orane geguritan ditemtokake dening kaprigelan panggurit nalika ngronce karyane nggunakake tembung-tembung. Tembung konkret diasilake saka rong perangan yaiku kaprigelan panggurit nggunakake tembung lan saka tembung sing dipilih panggurit.

#### 3) Citraan

Kanggo menehi gambaran kanthi gamblang sing bisa nuwuhake swasana mligi kanggo ngurupake gegambarane sing ana sajrone pikiran lan panginderaan uga kanggo narik kawigaten, panggurit nggunakake gambaran angan sing diarani citraan (Pradopo, 2012:79). Citraan yaiku gambar-gambar sajrone pikiran lan basa sing nggambarake (Altenbernd sajrone Pradopo, 2012:80). Gambaran pikiran sing tuwuh sajrone pikiran kasebut diakibatake saka panggunaane tembung-tembung tartamtu (Siswanto, 2010:215). Gambaran pikiran diarani imaji. Imaji diasilake saka limang indera, yaiku *visual/* penglihatan, *auditif/* pendengaran, *taktilis/* perabaan, *pencecapan,* lan *olfaktorik/* penciuman (Pradopo, 2012:81).

Citra penglihatan yaiku citraan sing menehi rangsangan marang mripat sing ndadekake bab sing ora bisa disawang malih kaya bisa disawang. Citra pendengaran diasilake kanthi nyebutake sawijine swara. Saliyaneg citraan ing ndhuwur uga ana citra gerak, yaiku citra sing nggambarake sawijine bab ora obah nanging kaya-kaya bisa obah.

#### 4) Tipografi

Yaiku wujud geguritan tuladhane kayata kaca sing ora kebak tetembungan, pangaturan barise, uga geguritan sing ora diwiwiti huruf gedhe (<http://id.m.wikipedia.org/puisi>). Tipografi digunakake kanggo ngasilake wirama sing slaras. Saliyaneg tuladha ing ndhuwur, tipografi sajrone geguritan uga ditengeri saka tembung sing dicekak, ngilangake ater-ater lan nyimpangake struktur sintaksis. Struktur sintaksis disimpangake kanthi tujuwan nggolek wirama sing slaras antara gatra siji lan sijine. Saliyaneg uga ora nggunakake tanda baca, nggabungake rong tembung utawa luwih, ngilangake seselan, medhotake tembung lan mbentuk jinise tembung. Tipografi diperlokake kanggo nemtokake maknane geguritan. Dene struktur batin geguritan (<http://id.m.wikipedia.org/puisi>) kaperang dadi patang perangan uga, yaiku:

1. Tema/ makna yaiku makna saben geguritan. Geguritan kudu nduweni makna, ora mung saka tembung, nanging saka gatra, pada lan sakabehane kudu nduweni makna.
2. Rasa yaiku sikap panggurit marang permasalahan sing ana sajrone geguritane. Tema lan rasa nduweni gegayutan marang latar belakang

panggurit. Ngungkapake tema lan rasa luwih akeh dipengaruhi saka wawasan, kawruh, kapribaden lan pangalaman sing kawangun saka latar belakang sosiologis lan psikologis. Kabisan medharake tema lan tepak orane sawijine bab ora pikoleh pangaribawa saka kaprigelan panggurit nalika milih tembung, nanging uga ditemtokake saka wawasan lan pangalamn panggurit.

3. Nada yaiku sikap panggurit marang pamaca. Nada mujudake sarana kanggo nyampekake tema kanthi nada sing akeh renane, tuladhane kanthi nada mecahake masalah, kanthi nada sombong lsp.
4. Amanat yaiku pesen sing kepingin disampekake pangguirt marang pamaca. Saben geguritan nduweni makna amarga saben panggurit ngripta geguritan kanthi tujuan tartamtu, tujuan kasebut bisa digoleki sadurunge panggurit ngripta geguritan utawa bisa ditemokake sajrone isi geguritane.

### Stilistika

Stilistika yaiku kepriye anggone pangripta medharake samubarang kang bakal diandharake. Miturut Endraswara (2013:72) stilistika yaiku panggunane gaya basa (lelewane basa) kang mligi sajrone karya sastra. Gaya kasebut bisa disengaja lan ora disengaja, tuwuh nalika panggurit lagi ngandharake idhe. Lumantar stilistika, pangaggit bisa ngandharake idhe pamikiran lumantar basa kang wis diupakara. Wellek dan Warren (sajrone Endraswara, 2013:75) ngandharake yen stilistika yaiku perangan ngelmu sastra, lan bakal dadi perangan kang wigati, amarga lumantar metode kasebut bakal dijlentrehake titikan kang mligi ngenani karya sastra.

Ratna (2009:3) ngandharake yen stilistika iku ilmu ngenani gaya, dene gaya (*style*) yaiku tata cara kang nduweni titikan, kepriye sawijine bab diandharake kanthi cara tartamtu, saengga tujuan kang dimaksud bisa digayuh kanthi maksimal. Kanthi anane gaya, panggurit bisa nglairake sawijine karya anyar, amarga nduweni tujuan kanggo gawe mareme ati. Senajan mangkono, mareme ati saka gaya iki ora mung diutamakake kanggo pribadi, nanging uga kudu nyangkutake liyan. Dadi karya kang diripta kudu diselarasake marang liyan lan marang kahanan. Adhedhasar bab kasebut diperlokake anane wewatesan tartamtu. Kaya kang diandharake Ratna (2009:7), yen gaya kang linuwih, senajan bisa maremake atine dhewe, nanging bisa ngganggu liyan, amarga nduweni selera dhewe-dhewe. Pasinaon stilistika digunakake kanggo nggoleki kepriye carane panggurit supaya ngasilake karya sastra kang nduweni nilai estetis.

### Lelewane Basa

Sajrone karya sastra, istilah gaya utawa *style* ngandhut teges cara sawijine pangripta mujudake gagasane, kanthi nggunakake medhia basa kang endah lan nduweni makna kaanan kang bisa nggawa pangribawa pamikire, rasa, lan nepsune (Aminudin, 2000:72). Gaya minangka simbol kaendahan, mujudake samubarang kang suci, endah sarta minangka wewujudane manungsa iku dhewe. Saka pamawas kang luwih jembar, gaya ngliputi

cara-cara kanggo mujudake samubarang kang khas, saka sakabehe aspek panguripane manungsa.

Lelewane basa minangka cara panganggone basa kanthi mligi, kanggo mujudake piguna tartamtu. Sajrone karya sastra kang becik, mesthi ana piguna tumrap kaendahan kang njalari karya kasebut nduweni nilai seni. Nilai seni sajrone karya sastra, tuwuh amarga anane lelewane basa, lan piguna liya kang njalari karya sastra dadi luwih endah, yaiku kaya anane gaya anggone nyritakake lan tata pangrakite tetembungan sajrone reriptan kuwi mau.

### Majas

Majas kalebu babagan saka perangane lelewane basa. Majas kuwi diarani basa *arkhais* utawa basa kiasan. Majas umume digunakake kanggo nguatake kesan kanthi tulisan lan lisan kang bisa nuwuhake rasa *imajinatif* tumrap para pamacane. Pangerten majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilei *estetik* (Ratna, 2008:164). Majas uga minangka cara panulis kanggo medharake pikirane lumantar basa khas lan endah kang bisa nuduhake kapribadhene panulis. Panganggone majas kudu bener tur pener, amarga saka panganggone majas kang bener bisa menehi daya pangaribawa tumrap para pamaca supaya bisa mbayangake kanthi imajinatif geguritan kang lagi diwaca, lan kaya-kaya pamaca mlebu sajrone geguritan kuwi.

Ratna (2013:439) ngandharake majas diperang dadi papat yaiku majas *perbandingan*, majas *pertentangan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Nanging ing panliten iki mung bakal dirembug ngenani majas perbandingan, penegasan, lan majas sindiran.

### Majas Perbandingan

Majas perbandingan yaiku tembung-tembung kang berkias kang ngandharake sawijine *perbandingan* utawa mbandingake sawijine kedadeyan utawa kahanan karo kedadeyan utawa kahanan liya.

#### a. Personifikasi

Personifikasi yaiku majas kang ngungkapake kanthi ndadekake barang mati mingaka manungsa (Keraf, 2010: 140). Ratna (2013:444) ngandharake personifikasi minangka majas kang nganggep barang mati kayata urip utawa nduweni nyawa. Mula saka andharan-andharan kasebut bisa didudut yaiku personifikasi yaiku majas perbandingan kang mbandingake barang mati utawa ora urip minangka kaya solah bawane.

#### b. Metafora

Metafora uga diarani perbandingan langsung. Metafora yaiku majas kang ngungkapake arupa perbandingan kanthi ngilangake tembung-tembung kayata, minangka, kaya-kaya lsp (Keraf, 2010:139). Andharan kasebut uga disengkuyung dening Prasetya (2011:7) Metafora yaiku majas kang ngungkapake samubarang kanthi langsung rupa perbandingan analogis kanthi ngilangake tembung kayata, minangka lsp.

#### c. Alegori

Keraf (2010:140) ngandharake alegori yaiku sawijine carita singkat kang ngandhut kiasan. Makna

kiasan iki kudu ditarik saka ngisor permukaan cerita. Sajrone alegori, jeneng-jeneng pelakune yaiku sipat-sipat kang abstrak, sarta tujuwane mesthi cetha tersurat. Alegori majas kang ngungkapake kanthi cara kang beda, lumantar kiasan utawa penggambaran (Tera, 2010:119).

### Majas Penegasan

Majas Penegasan yaiku tembung-tembung *berkias* kang ngungkapake utawa ngandharake *penegasan* kanggo menahi *penekanan* ing ing isi geguritan ngenani sawijine samubarang sarta ngundhakake kesan lan uga menahi pangribawa pamiren utawa pamaca.

#### a. Pleonasma

Keraf (2010:133) ngandharake pleonasma yaiku acuwan kang nggunakake tembung-tembung luwih akeh tinimbang kang dibutuhake kanggo ngandharake sawijine pamikiran utawa gagasan. Pleonasma nambahkake keterangan marang pernyataan kang wis cetha utawa nambahkake keterangan marang pernyataan kang wis cetha utawa nambahake keterangan sing sejatine ora dibutuhake (Tera, 2010:128). Bisa didudut majas pleonasma yaiku majas penegasan kang njlentrehake sawijine tembung kang sejatine ora perlu dijlrntrehake maneh amarga wis cetha pengertene lan majas iku nggunakake tembung kang luwih akeh tinimbang kang dibutuhake kanggo ngandharake gagasan.

#### b. Aferesis

Aferesis yaiku majas penegasan kanthi ngilangake hurup utawa wanda wiwitan (Ratna, 2013:439)

#### c. Anagram

Anagram minangka majas kanthi ngijolake hurup sajrone tembung, saengga nuwuhake makna anyar (Ratna, 2013:439)

#### c. Repitisi

Keraf (2010:127) ngandharake repitisi yaiku majas kang mbaleni unen-unen, tembung, utawa saperangan ukara kang dianggap wigati kanggo menahi tekanan sajrone sawijine konteks kang trep. Repitisi minangka perulangan tembung frasa lan klausa kang padha sajrone sawijine ukara liya. Pengulangan kuwi nuduhake kuantitas, penegasan ngagasan utawa uga bisa kanggo efek kaendahan (Prasetyo, 2011:49)

### Majas Sindiran

Majas pasemon utawa *sindiran* yaiku lelewane basa kang digunakake kanggo nyidir utawa nyemoni sawijine pawongan utawa samubarang.

#### a. Ironi

Ironi utawa sindiran yaiku sawijine acuwan kang pengin ngandharake samubarang kanthi makna utawa maksud sawalike saka apa kang kinandhut sajrone pangrakite tembung-tembunge. Ironi minangka sawijine upaya literer kang efektif amarga ngandharake impresit lang ngandhut pengekangan kang gedhe. Apik kuwi sengaja utawa ora, tembung-tembung kang digunakake kuwi beda adoh saka maksud sing asline (Keraf, 2010:143).

#### b. Sarkasme

Sarkasme minangka majas sindiran kang luwih kang luwih kasar saka ironi lan sinisme. Sarkasme sawijine acuwan kang ngandhut *kepaitan* lan *celaan* kang

getir. Sarkasme uga bisa asipat ironi nanging bisa uga ora nanging sing cetha majas iki wis mesthi bakal nglarani ati lan ora kepenak dirungokake (Keraf, 2010:144). Tera (2010:126) ngandharake sarkasme yaiku minangka sindiran langsung lan kasar.

#### c. Sinisme

Sinisme yaiku sindiran kang awujud kesangsian kang ngandhut unsure ngenyek (*menghina*) marang katulusaning ati (Keraf, 2010:143). Sinisme sipate luwih kasar saka ironi.

### Landhesane Teori

Geguritan minangka salah sawijine karya sastra kang bisa ditindingi kanthi maneka warna cara. Salah sawijine cara kang digunakake yaiku kanthi nggunakake ancangan tintingan stilistika.

Lumantar stilistika kang objek utamane teks utawa wacana, mligine geguritan. Banjur objek ditindingi kanthi ora ngemungake bab kabasan, nanging basa kang digunakake, basa sajrone proses tapsiran (Ratna, 2009:16). Ngrembug stilistika ora bakal uwal saka lelewane basa. Lelewane basa minangka cara ngungkapake gagasan lan pangrasa kanthi nggunakake basa kang mligi lan kapribadhen utawa karakter pengarang kanggo nggayuh efek tartamtu yaiku efek estetika utawa efek *kepuitsan* lan efek nyiptakake makna. Sajrone panliten iki perangan kang bakal ditindingi yaiku ngenani majas minangka babagan kang paling onjo sajrone antologi geguritan LSK. Ngenani majas, sajrone panliten iki nggunakake teorine Ratna. Ratna(2013:439) ngandharake kanthi umum yen majas diperang dadi papat, yaiku majas perbandingan, majas penegasan, majas pertentangan, lan majas sindiran. Saliyane kuwi ngenani majas uga nggunakake panemune Keraf (2010:12).

### METODHE PANLITEN

Metode panliten mujudake perangan kan wigati sajrone panliten. Mula supaya asil panliten bisa dipertanggung jawabake kanthi ilmiah, bakal dirembug ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, tata cara ngumpulake dhata, instrumen panliten lan tenknik analisis dhata.

#### Ancangan Panliten

Ancangan panliten mujudake salah sawijine trap-trapan sadurunge panliten kalaksanan, amarga ancangan panliten mujudake panuduh sing bisa menahi ancer-ancer ngenani panliten kang bakal ditindakake. Metode sing digunakake yaiku metode dheskriptif lan jinis panlitene yaiku panliten kualitatif.

#### Sumber Dhatane Panliten

Sumber dhata minangka babagan kang wigati lan dibutuhake sajroning panliten. Miturut Siswantoro (2017:70), sumber dhata diperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan sumber dhata *sekunder*. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang paling utama utawa sumber dhata kang pokok. Dene sumber dhata sekunder yaiku sumber dhata kang dadi panyengkuyung sumber dhata primer.

Sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku awujud antologi geguritan sing nduweni tema padha ing antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R.

Djoko Prakosa Surabaya taun 2011 sing karakit saka 111 kaca. Samak ngarep wernane putih, kang ana gambare wayang. Dene samak mburi wernane abang kang ana pesen utawa pamanggihe saka penggurit ngenani antologi geguritan kang diterbitake. Sajrone geguritan kanthi tema padha kasebut isine ana 20 geguritan. Sumber dhata sekunder yaiku buku-buku panyengkuyung kang ngandharake ngenani panliten sastra lan buku ngenani lelewane basa.

#### Dhatane Panliten

Dhata minangka perangan kang wigati sajroning panliten. Tanpa anane dhata ora bisa ditindakake sawijing panliten, Miturut Arikunto (2010:161) dhata minangka asil saka cathetane panliti kang arupa fakta utawa angka.

Dhata kang digunakake sajroning panliten iki arupa tembung, frase, lan ukara kang kinandhut bab-bab kang gegayutan kalawan underaning panliten kang rinonce sajroning geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa. Dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku dhata tulis arupa ukara-ukara kang ana lelewane basa kang ana sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih*.

#### Tata Cara Ngumpulake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku upaya sadhar kang ditindakake kanthi *sitsematis* saengga pangumpule dhata ditindakake kanthi urut supaya nggampangake panliti sajrone ngolah sumber dhata (Arikunto, 2010:265). Panglumpuke dhata sajroning panliten iki kanthi migunakake cara maca, nyatehet, lan *studi* kapustakan. Teknik maca digunakake kanggo milih tetembungan kang ngandhut diksi lan lelewane basa sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa. Teknik cathet yaiku teknik kanggo golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata. Tata cara studi kapustakan, yaiku tata cara kang digunakake kanggo nggoleki lan nintingi sawenehing buku minangka bahan pustaka kang digunakake kanggo sumber tinulis. Tata cara utawa cak-cakan kang digunakake kanggo nglumpukake dhata, yaiku:

- 1) Antologi geguritan *Layang saka kekasih* minangka objek panliten diwaca banjur dipilih tembung, frasa lan ukara kang kalebu ing analisis pamilihete mbung lan lelewanjing basa. Banjur nggoleki perangan prakara kang onja, supaya bisa ditemtokake titingan apa kang salaras lan trep kanggo nintingi geguritan kang diwaca iku mau.
- 2) Geguritan kang wis kawaca, diperang miturut perkara panliten kang ana sambung rapete kalawan wujud pamilihe tembung lan lelewane basa. Lumantar titingan stilistika, kaajab bisa mbedah panganggone olah basa panggurit, sajrone geguritane.
- 3) Nyathet, yaiku tata cara kanthi nyathet sakabehing pamerangan adhedhasar teori kang dianggo, isih ana gegayutane kalawan panliten. Saliyane iku, tatacara nyathet digunakake kanggo nindakake cathet-cinathet marang dhata kang relevan, kang salaras marang sasaran lan ancas panliten.
- 4) *Verifikasi* lan *validasi* dhata iki dianakake kanggo masthekake yen dhata kang dipilih wis pener sadurunge dianakake tahap panliten sabanjure.

#### Instrumen Panliten

Instrumen dhata kang digunakake sajrone panliten sastra ditindakake dening panliti. Jalaran panliti nduweni pangribawa kang wigati sajrone nindakake panliten kasebut. Panliti minangka instrument kang nemtokake dhata kanthi disengkuyung karo pulpen, petelot, buku, lan sapanunggal kang dienggo nulis dhata kang ana.

#### Tatacara Analisis Dhata

Tata cara analisis dhata sajroning panliten iki yaiku:

- 1) Nganalisis dhata kang ana gegayutane karo kahanan lara lapa sajrone novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA.
- 2) Nganalisis upaya kang ditindakake nalika ngalami lara lapa sajrone novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA.
- 3) Nganalisis gegayutane lara lapa sajrone novel *Sumi* karo realita sosial ing masyarakat
- 4) Nulis dhata asile panliten saka asil nganalisis novel.
- 5) Revisi
- 6) Mresentasekake asile panliten.

#### Tata Cara Nyuguhake Dhata

Sajrone panliten iki, tata cara ngandharake asil njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata awujud laporan ngenani pamilihete mbung lan lelewane basa sajrone geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa. Tatacara nyuguhake dhata asile panliten iki bakal disuguhake kanthi cara *informal*. Miturut Sudaryanto (1993:145) ngandharake cara nyuguhake dhata *informal* yaiku cara nyuguhake asile dhata kang wis dijlentrehake kanthi cara dheskriptif kang nggunakake tembung-tembung kang lumrah. Tata cara nyuguhake andharan lan jlentrehan dhata *informal*, kaya ing ngisor iki.

BAB I : Ngandharake lelandhesane panliten, underan panliten, ancase panliten, paedah panliten lan wewatesane panliten, panjlentrehane tembung.

BAB II : Ngandharake panliten kang saemper, konsep-konsep ing panliten, lan lelandhesan teori.

BAB III : Ngandharake ancas panlitene, dhata lan sumber dhata, instrumen tatacara nglumpukake dhata, tatarane njlentrehake dhata, lan carane nyuguhake asil panjlentrehane dhata.

BAB IV : Ngandharake andharan lan jlentrehake dhata.

BAB V : Ngandharake dudutan lan pamrayoga.

#### ANDHARAN ASILE PANLITEN

##### Majas Perbandingan sajrone Antologi Geguritan Layang saka kekasih

Diwawas saka jinise, majas *perbandingan* yaiku tembung-tembung kang nduweni kiasan kang ngandharake sawijine perbandingan utawa mbandhingake sawijine kedadeyan utawa kahanan karo kedadeyan utawa kahanan liyane. Adhedhasar 20 geguritan sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa ditemokake maneka warna majas perbandingan yaiku ing antarane majas personifikasi, depersonifikasi, metafora,

alegori, hiperbola, litotes, simile, hipalase, simbolik, lan antonomasia.

### 1. Majas Personifikasi

Dhata kang sepisanan diwiwiti saka geguritan kanthi irah-irahan “*Layang saka kekasih*” (LSK). Wujud majas personifikasi bisa diwawas ing cuplikan ngisor iki:

**Ati kang perih ngulandara ing tegalan, sawah uga ing tлага**  
(LSK. PD 3. GT 4-5)

Ukara kang manggon ana ing pada telu gatra papat lan lima sajrone geguritan kanthi irah-irahan “*Layang saka kekasih*” (LSK) kasebut nuduhake majas personifikasi. Amarga ukara “ati kang perih ngulandara ing” nuduhake sipate manungsa yaiku bisa ngulandara utawa lelana. Ukara kasebut uga kalebu majas personifikasi amarga digambarake “ati kang perih ngulandara” nduweni sipat utawa solah bawa kayata manungsa.

Makna sajrone ukara “ati kang perih ngulandara ing” saka cuplikan ing ndhuwur yaiku paraga kang ana sajrone geguritan kuwi ngalami lara ati kang mbangetake nganti digambarake atine bisa ngulandara nganti tekan papan panggonan kayata tegalan, sawah lan tлага. Paraga sajrone geguritan kuwi ora bisa ngempet kangene nganti njalari atine krasa perih. Andharan kasebut dikuwati karo anane ukara “tegalan, sawah uga ing tлага”, bisa ditegesi yen papan panggonan kuwi minangka papan kanggo ngedhem ati lan pikirane supaya ora terus-terusan kegawa karo kahanan.

### 2. Majas Depersonifikasi

Adhedhasar 20 geguritan sajrone antologi LSK anggitane AR. Djoko Prakosa ana telung dhata kang ngandhut majas depersonifikasi, kang dadi dhata kapisan kayata cuplikan ing ngisor iki:

**aku lan sliramu dadi tugu**  
ngranti playuning  
titi nagih punagi  
(LKK. PD 3. GTR 2-3)

Cuplikan ing ndhuwur kalebu majas depersonifikasi amarga ing cuplikan kasebut pangarang nggambarake manungsa minangka samubarang kang mati yaiku tugu. Sejatine “tugu” iku minangka barang kang mati, nanging ing geguritan kasebut digambarake paraga “aku” lan “sliramu” iku kaya-kaya nduweni sipat kaya tugu. Maksud saka cuplikan ing ndhuwur yaiku pawongan ing geguritan kasebut ora bisa nindakake apa-apa, bisane mung ngenteni wektu kang cundhuk karo apa sing dikarepake.

### 3. Majas Metafora

Metafora yaiku majas kang ngungkapake samubarang kanthi langsung rupa perbandingan analogis kanthi ngilangake tembung kayata, minangka lsp. Sajrone antologi geguritan LSK iki ditemokake geguritan kang ngandhut majas metafora, luwih cethane bisa diwawas ing ngisor iki:

**Sing nedheng mendem katresnan**  
Katresnan iki kaya dene sungapaning  
bengawan sore  
(KSJ. GTR 4)

Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur cetha yen geguritan kasebut ngandhut majas metafora amarga cuplikan ing ndhuwur ora ditemokake anane tembung

“kayata, kaya-kaya, minangka, padha, lsp”. Uga saka cuplikan mbandhingake samubarang kanthi cara langsung. Ing geguritan kasebut ana ukara kang njalari tuwuhe majas metafora yaiku “mendem katresnan”. Maksud utawa makna mendem katresnan yaiku paraga sajrone geguritan kasebut lagi kayungyun banget marang sawijine pawongan. Mendem lumrahe digunakake kanggo wong sing ora sadhar amarga kakehan omben-omben. Nanging sajrone geguritan kasebut digunakake tembung mendem supaya geguritan kasebut katon endah lan pamaca bisa kegawa marang swasana kang ana sajrone geguritan kasebut.

### 4. Majas Alegori

Sajrone antologi geguritan LSK uga ngandhut majas alegori, luwih cethane bakal diandharake ing cuplikan ngisor iki:

Pasuryanmu ngembang jingga  
Mbombong ati lanang sing lawas dikunjara  
(YK. GTR 5)

Cuplikan ing ndhuwur kalebu majas alegori amarga cuplikan ing ndhuwur ngungkapake samubarang kanthi panggambaran utawa kiasan sawijine kahanan saengga mbentuk sawijine crita. Ing cuplikan pangarang nuduhake sawijine kahanan yaiku pasuryane pawongan wadon kang ayu. Lumantar panggambaran utawa kiasan kasebut bisa nuwuhake sawijine crita. Maksud saka cuplikan yaiku pasuryane pawongan wadon kang bisa agawe atine paraga lanang ing geguritan kasebut rumangsa bombong amarga sasuwene kuwi atine paraga lanang ora bisa kabuka marang wong wadon liyane. Teges saka “ngembang jingga” yaiku endah utawa ayu banget. Saka cuplikan kuwi uga mbandhingake antarane manungsa klawan samubarang tartamtu yaiku kembang lan srengenge. Tembung “ngembang” sejatine luwih trep yen digunakake kanggo tetuwuhan utawa kembang, dene tembung “jingga” iku luwih trep digunakake kanggo srengenge nalika arep angslup. Amarga nalika kembang arep ngembang iku katon nyengsemake semana uga srengenge nalika arep angslup. Adhedhasar andharan saka cuplikan kasebut mula bisa didudut yen cuplikan kasebut kagolong majas alegori amarga ing kono pangarang nggambarake sawijine kedadeyan utawa kahanan saka paraga ing geguritan saengga bisa nuwuhake sawijine crita, ing ngendi sajrone geguritan kasebut nyritakake paraga nalika lagi kayungyun.

### 5. Majas Hiperbola

Adhedhasar 20 geguritan kang ana sajrone antologi geguritan LSK ditemokake ana dhata kang ngandhut majas hiperbola. Luwih cethane bisa diwawas ing cuplikan ngisor iki:

Angin sore semilir nguntapake  
**Endahing candhikayu ngrakit pucuking Gunung-gunung**  
(AKKS. PD 1. GTR 2-3)

Kilate pandulu lan rasa pangantu-antu  
**Dakpendhem jroning keteg**  
(DTM. GTR 5)

Saka cuplikan ing ndhuwur bisa diwawas yen cuplikan kasebut kalebu majas hiperbola amarga ing



cuplikan kasebut nduweni sipat kang diluwih-luwihake utawa digedhe-gedhekake saka kasunyatanane. Ing cuplikan ana ukara “endahing candhikayu ngrakit pucuking gunung-gunung” iki kalebu ngluwih-ngluwihake kedadeyan utawa prastawa. Ukara kasebut nduweni maksud yen nalikane wayah surup iku langite katon endah banget. Srengenge sing arepe angslup nambahi endahe *pemandangan* ditambah anane gunung-gunung sing bisa nambahi swasana saya nyengsemake. Nanging ing cuplikan kalebu majas hiperbola amarga anane tembung “ngrakit”, yen dinalar srengenge ora bisa ngrakit salumrahe manungsa nanging tembung ngrakit kasebut luwih nalar yen tumrape Gusti. Amarga kang bisa ngowahi utawa nambahi kaendahane jagad raya ya mung Gusti ora ana liyane. Mula ing cuplikan kasebut kagolong majas hiperbola amarga sipate diluwih-luwihake utawa digedhe-gedhekake saka kasunyatanane. Ana maneh cuplikan pungkasan saka antologi geguritan *Layang saka kekasih* kang ngandhut anane majas hipalase, yaiku ing geguritan kanthi irah-irahan “Dakpandheng Telenging Mripatmu” (DTM). Cuplikan bisa kagolong majas hiperbola amarga ing cuplikan kasebut ana sipat kang diluwih-luwihake utawa digedhe-gedhekake. Sajrone cuplikan kasebut kang nuduhake anane majas hiperbola yaiku ukara kang unine “dakpendhem jroning keteg”. Cetha yen cuplikan kasebut kagolong majas hiperbola amarga mokal yen bisa mendhem ana ing ketege jantung. Maksud saka cuplikan kasebut yaiku paraga ing geguritan kasebut nduweni pangajab supaya rasa katresnane marang pawongan sing ditresnani kuwi ora luntur lan tansah manjing ing saben keteg jejantunge.

#### 6. Majas Litotes

Saka antologi geguritan LSK uga ana geguritan-geguritan kang ngandhut majas litotes ing antarane yaiku geguritan kanthi irah-irahan “Godhong Garing Iku” (GGI) lan “Layang Kanggo Kekasih” (LKK). Wujude majas litotes bakal diandharake ing cuplikan-cuplikan ngisor iki:

Godhong garing kang kumleyang  
Kesapu angin kae jiwaku ni  
Ngumbara nglari layang rembulan  
(GGI. GTR 1-3)

Kekasihku  
Aku lan sliramu dadi tugu  
Titi nagih punagi  
(LKK. PD 3. GTR 1-3)

Cuplikan kang kalebu majas litotes bisa diwawas ing cuplikan lan cuplikan. Sing kapisanan cuplikan diarani kalebu majas litotes amarga ing cuplikan kasebut nuduhake *pernyataan* sing tujuwane ngasorake dhiri pribadherine dhewe utawa ngrendahake dhiri. Ngasorake dhiri ing cuplikan (33) iki paraga diupamakake kaya-kaya godhong garing. Senajan ora ana tembung “mung” kang dadi punjere majas litotes nanging cuplikan ing ndhuwur kalebu majas litotes amarga paraga ing ndhuwur wujude kaya godhong garing.

Pawongan sajrone geguritan “Godhong Garing Iku” digambarake kayata godhong garing kang kumleyang minangka godhong kang paling asor dhewe lan gampang mabur keterak angin. Maksud saka cuplikan (33) yaiku

paraga sajrone geguritan kuwi ngupadi pawongan kang ditresnani nganti ngumbara menyang papan sing ora cetha dununge. Mula pawongan sing lagi ngupadi pawongan sing ditresnani nanging ora ngerti papan dununge digambarake kaya-kaya godhong garing kang kumleyang. Amarga nggambarake dheweke kayata godhong garing mula cuplikan (33) ing ndhuwur digolongake majas litotes. Saliyane cuplikan (33) uga ana maneh geguritan kang ngandhut majas litotes yaiku ing cuplikan (34) kang unine “aku lan sliramu dadi tugu”. Ing kono paraga ngasorake dhiri pribadherine amarga manungsa karo tugu drajate isih dhuwur manungsa, mula diarani paraga ing kene ngasorake dhiri pribadherine dhewe. Makna kang kinandhut sajrone cuplikan (34) yaiku nggambarake paraga kasebut bisane mung ngenteni wektu kang wis dijanjekake lan ora bisa tumindak apa-apa. Dene makna majas litotes saka cuplikan geguritan kasebut yaiku pangarang nggambarake paraga kayata tugu. Tugu kuwi samubarang sing ora bisa tumindak apa-apa bisane mung meneng wae. Tegese pawongan ing geguritan kuwi lemah, ora ana gunane.

#### 7. Majas Simile

Supaya luwih cethane ing ngisor iki ana cuplikan-cuplikan kang ngandhut majas simile:

Dakanggit layang pengasih iki  
**Pinangka sesulihe ati kang perih**  
Sawise nandhang tatu sakwetara wektu  
(Da. GTR 2)

**Katresnan iki kaya dene sungapaning  
bengawan sore**  
(KSJ. GTR 5)

Adhedhasar cuplikan (35) cetha banget yen cuplikan kasebut kalebu majas simile amarga ing cuplikan kasebut ditemokake sawijine samubarang kang padha yaiku anane tembung “pinangka”. Mula teges saka cuplikan kasebut yaiku layang pengasih dadi sesulihe ati kang perih. Makna sajrone cuplikan kasebut nyritakake gegambaran atine paraga kang perih nanging atine kang lagi nandhang perih kuwi mau disesulihi karo layang pengasih. Ukara sabanjure uga nguwati anane majas simile yaiku ukara “sawise nandhang tatu sakwetara wektu” kang nduweni maksud paraga ing geguritan kasebut lagi nandhang “tatu”. Ing kene kang dimaksud tatu yaiku lara ati, supaya lara atine ora keterusan lan saya suwe saya nyumelangi mula paraga ngangggit utawa nulis layang sing gunane supaya bisa dadi sarana kanggo ngilangake atine kang lara.

Banjur ing cuplikan uga diarani majas simile amaraga ing cuplikan kasebut uga ditemokake *persamaan* kang mbandhingake samubarang padha karo kedadeyan liyane. Ing cuplikan uga sinebut majas simile amarga ing cuplikan kuwi ditemokake anane tembung “kaya”. Tembung “kaya” ing kene nduweni teges “padha”. Mula saka cuplikan kang unine “katresnan iki” dipadhakake karo “sungapaning bengawan sore”. Pangarang ing kene nggambarake utawa nyritakake yen katresnan kang diduweni dening paraga sajrone geguritan kasebut kaya sungapaning kali bengawan. Makna saka cuplikan yaiku paraga ing cuplikan kasebut lagi nandhang katresnan kang manjila marang sawijine pawongan. Tembung “sungapaning” ing kene minangka pambandhing saka katresnane paraga ing geguritan KSJ. Amarga katresnane

paraga kang manjila mula dipadhakake karo sungapaning kali bengawan. Ing geguritan KSJ, pangarang milih nggunakake tembung bengawan amarga kali bengawan kalebu kali kang gedhe banget ing wilayah Indonesia.

### 8. Majas Hipalase

Ing ngisor iki bakal nuduhake cuplikan-cuplikan kang ngandhut majas hipalase kang ana sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa:

Daksraya  
Angin wengi sing sumilir ing gisik  
Ngelus larapan godhong ri  
pepandhan  
**Ngempyok wangine esemu**  
(Ds. GTR 4)

Ombak pesisir sing wus keladuk  
nyempyok  
Kikising rasa pangantu-antu  
**Ngantu-antu tumelunge rasamu**  
(Ds. GTR 14)

**Dakkekep keteg jantung** ing  
jiwamu  
jiwamu  
(DKJI. GTR 1)

Kapisanan saka cuplikan kalebu majas hipalase amarga tembung kang dienggo ing ukara kuwi sejatine ora trep. Amarga sejatine ana tembung liyane sing luwih trep dipasangake karo tembung kasebut. Sejatine ora salah amarga tembung iku digunakake kanggo nambahi nilai estetika sajrone ukara kasebut nanging cethane lan pantese yen ta tembung kuwi luwih trep yen digunakake utawa dienggo karo tembung sing samesthine kang luwih cocog. Kayata cuplikan kang ukarane unine “ngempyok wangine esemu”, tembung “ngempyok” ing ukara kasebut luwih trep digunakake utawa dipasangake karo tembung kang nerangake ngenani samubarang kang nduweni unsur banyu lan ana maneh tembung kang ora dienggo samesthine yaiku tembung “wangi”. Tembung “wangi” sejatine luwih cocog digunakake tumrap samubarang kang kena diambu, nanging ing cuplikan ora ngandharake kang kaya mangkono. Makna sajrone cuplikan kasebut yaiku paraga sajrone geguritan kuwi lagi nganggen-angen eseme pawongan kang ditresnani lumantar swasana kang ana ing sakupenge.

Dene ing cuplikan uga ngandhut majas hipalase. Ing cuplikan kasebut diweruhi ngandhut majas hipalase amarga anane tembung “tumulunge”. Tembung teumelung sejatine luwih cocog yen dipasangake karo wit-witan sing dhuwur lan ora jejeg maneh. Nanging ing cuplikan kasebut kang dadi objeke yaiku rasa, cetha yen kuwi mokal lan ora ngarah kedadeyan. Mula ing cuplikan kasebut kagolong majas hipalase nanging senajan ora trep panganggone tembung, sajrone cuplikan kasebut nduweni makna dhewe yaiku paraga ing geguritan (Ds) tansah ngantu-antu utawa ngarep-arep luluhing atine pawongan kang ditresnani. Panganggone tembung kaya mangkono ora bisa disalahake amarga tembung kuwi digunakake pangarang supaya bisa nambahi nile estetika lan uga bisa nambahi daya imajinasi

tumrap para pamaca saengga bisa kegawa kahanan sajrone geguritan.

### 9. Majas Eponim

Ing antologi geguritan LSK iki uga ana geguritan-geguritan kang ngandhut anane majas eponim, luwih cethane bisa diwawas saka cuplikan-cuplikan ing ngisor iki:

Ni  
Sesigar atiku dakpendhem ing bumi  
Kinasih dadi donga asmara  
Manjila dadi **singa**  
(DDDA. GTR 10)

Ora kaya janjimu  
Sing ginurit edi peni kaya dene  
geguritane  
**prawan** sumengit  
(KSJ. GTR 2)

Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur cetha yen cuplikan kasebut kalebu majas eponim. Amarga ing cuplikan kasebut nduweni kriteria utawa titikan saka majas eponim. Luwih cethane bisa diwawas saka tembung kang kacethak kandel sajrone cuplikan kasebut. Tembung “singa” wiwit jaman biyen wis digolongake kanggo nggambarake daya kekuwatan sing manjila. Tembung sabanjure ing cuplikan yaiku tembung “prawan” kang nggambarake wanita kang pasuryane ayu. Cuplikan-cuplikan kasebut nduweni titikan tartamtu sajrone geguritan (DDDA) lan (KSJ). Titikan kasebut yaiku tembung “singa” minangka simbol utawa panggambaran saka kekuwatan kang linuwih, amarga singa kalebu kewan sing kekuwatane luwih-luwih tinimbang kewan liyane. Dikarepake donga saka paraga kasebut bisa kaya-kaya singa kang nduweni daya kekuwatan kang kaluwih-luwih. Mula donga kang dikarepake kuwi mau bisa diajab bisa kaya “singa”. Semana uga tembung “prawan” ing cuplikan nyimbolake kanggo pawongan wadon kang pasuryane ayu banget.

### 10. Majas Simbolik

Sajrone antologi geguritan LSK iki uga ngemot geguritan kang ngandhut majas simbolik, luwih cethane bisa diwawas ing cuplikan-cuplikan ngisor iki:

Kekasihku,  
Dakanggit nawala iki  
dadi peningset kangen lan kapangku  
(LK 2. GTR1-3)

Rikala dakarasi lathi lan pipi  
Kang wiwit garing saka temetese luh  
panalangsa  
(DA. GTR 8-9)

Saumur jagung aku sliramu sak  
pejagong  
Tatap pandulu ngurubake ati  
Liron sepah  
(KSJ. GTR 10-12)

Adhedhasar cuplikan kang kapacak ing ndhuwur cuplikan kasebut kalebu majas simbolik. Amarga saka cuplikan kasebut nduweni titikan saka majas simbolik yaiku nggambarake samubarang kanthi nggunakake

barang liya. Kayata ing cuplikan anane tembung “peningset” minangka pralambang saka gegambarane *pengikat* antarane paraga karo pawongan kang ditresnani sajrone geguritan kasebut. Sejatine tembung “peningset” kuwi samubarang kang biasane digunakake kanggo pawongan lanang kang arep nglamar calon garwane. Wujude peningset biasane arupa samubarang kayata *mukenah*, ali-ali, lan sapiturute minangka tandha yen pawongan kuwi wis diduweni wong. Ing teks geguritan kasebut digunakake tembung “peningset” kang nduweni maksud paraga ngobati rasa kangene marang sisihane lumantar nawala kang bakal dikirimake marang sisihane. Dene cuplikan kalebu majas simbolik amarga ing cuplikan kasebut nduweni titikan saka majas simbolik yaiku nggambarake samubarang nggunakake barang liya, saliyané iku uga ana pralambang-pralambang sajrone cuplikan kasebut. Yen diwawas saka ukara-ukarane cuplikan ngandhut semiotik mula bisa digolongake ing majas semiotik, bukti anane majas simbolik yaiku anane ukara “luh panalangsa”. Ukara kasebut kagolong majas simbolik amarga ukara kasebut minangka pralambange paraga kang rasa pangrasane lagi nandhang sedhih.

Saka cuplikan ing ndhuwur wis cetha yen cuplikan kasebut kagolong majas simbolik amarga cuplikan kasebut nduweni titikane majas simbolik yaiku nggambarake samubarang kanthi nggunakake barang liya. Kayata ing cuplikan nggambarake ngenani lakune paraga kang sapatemon utawa sapejagong karo pawongan liya kanthi wektu ora suwe, nanging wis bisa nyebabake paraga ing cuplikan kasebut nandhang kasmaran utawa kayungyun. Yen ditegesi kanthi denotatif utawa makna satemene, ukara “saumur jagung” kuwi nduweni teges umure jagung, nanging ing cuplikan kasebut ditegesi kanthi konotatif supaya bisa nemokake makna apa kang kinandhut sajrone cuplikan kasebut. Yen ditegesi kanthi konotatif makna kang kinandhut sajrone geguritan kasebut yaiku wektu kang sedhela anggane paraga sapejagong karo mitrane. Saka andharan kasebut wis cetha yen geguritan kanthi irah-irahan “Katresnan Saumur Jagung” kalebu majas simbolik. Majas simbolik identik karo ukara-ukara kang ngemu anane pralambang-pralambang utawa panggambaran. Panggambaran lan pralambang wis dicethakake ing ndhuwur, yaiku wektu sapejagonge paraga kang dilambangake utawa digambarake kaya umure jagung.

### 11. Majas Antonomasia

Sajrone antologi geguritan anggitane R. Djoko Prakosa iki uga ana geguritan-geguritan kang ngandhut anane majas antonomasia, luwih cethane bisa diwawas ana ing cuplikan-cuplikan ngisor iki:

Ni sida daktulis layang iki  
Ngrantam kabar sing wis lawas  
klambaran ing angen  
(DDLI. GTR 1)

Adhedhasar cuplikan (55) ing ndhuwur cetha yen cuplikan kasebut kagolongake majas antonomasia amarga ing cuplikan kasebut ana *sebutan* kang ngganteni jenenge pawongan. Sebutan kang ngganteni jenenge sawijine pawongan yaiku anane tembung “ni” sajrone cuplikan. “Ni” ing cuplikan kasebut nduweni teges “nini” kang minangka sesulih saka jenenge pawongan, tembung “ni”

biasane digunakake kanggo ngganteni jenenge pawongan wadon. Maksud saka cuplikan ing ndhuwur yaiku paraga sajrone geguritan kasebut nulis layang marang sawijine pawongan, layang kasebut isine nggambarake kahanan atine. Maksudé paraga ing cuplikan kasebut tansah kepikiran marang sawijine pawongan kang wewayangane tansah klambaran ana ing panganene, mula kanggo ngudhali perkara iku paraga ing geguritan kasebut nulis sawijine layang supaya atine krasa lega lan ora ana maneh kabar-kabar kang tansah klambaran ana ing pangangene.

### Majas Penegasan Sajrone Antologi Geguritan Layang Saka Kekasih

Majas penegasan yaiku tembung-tembung *berkias* kang ngungkapake utawa ngandharake penegasan kanggo menehi *penekanan* ing isi geguritan ngenani sawijine samubarang sarta ngundhakake kesan lan uga menehi pangribawa pamidhanget utawa pamaca. Luwih cethane ngenani majas penegasan ing ngisor iki bakal diandharake ngenani majas-majas kang kalebu majas penegasan. Adhedhasar 20 geguritan sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa ditemokake limang majas penegasan yaiku majas pleonasme, majas repitisi, majas retorik utawa erotesis, majas aferesis.

#### 1. Majas Pleonasme

Bisa didudut majas pleonasme yaiku majas penegasan kang njlentrehake sawijine tembung kang sejatine ora prelu dijlentrehake maneh amarga wis cetha pangertene lan majas iki nggunakake tembung kang luwih akeh tinimbang kang dibutuhake kanggo ngandharake gagasan. Tuladhane bisa diwawas ing cuplikan-cuplikan ngisor iki:

Ni  
Sesigar atiku dakpendhem ing bumi  
Kinasih dadi donga asmara  
(DDDA. GTR 7-9)

Saka cuplikan ing ndhuwur mujudake majas pleonasme amarga nduweni keterangan sing sejatine ora dibutuhake amarga tembung sadurunge wis cetha mula ora prelu dicethakake maneh. Kayata cuplikan sing unine “sesigar atiku dakpendhem ing bumi” iki ngemu majas pleonasme amarga anane ukara “dakpendhem ing bumi”. Wis cetha lan wis mesthi yen dipendhem kuwi ya mesthi neng bumi, senadyan ora diwenehi tembung “bumi” kabeh wis ngerti yen mendhem kuwi mesthi neng bumi, mula sejatine tembung bumi kuwi ora dibutuhake nanging ing cuplikan kasebut digunakake supaya negesake maksud saka pangarang. Nanging ing cuplikan kasebut tembung “bumi” kang dimaksud kuwi dudu bumi kang kaya samesthine nanging bumi kang dimaksud ing cuplikan kasebut yaiku “ati”. Maksud saka cuplikan kasebut yaiku paraga ngonjukake donga saka ati kang paling jero kanthi pangajab donga kang dikarepake kuwi bisa disembadani dening Gusti lan bisa sesandhingan karo kekasihe.

#### 2. Majas Repitisi

Adhedhasar 20 geguritan kang diteliti ditemokake pirang-pirang dhata kang kalebu majas repitisi, luwih cethane bisa diwawas ing cuplikan ngisor iki.

Sepi  
Aku gulung koming

Nglari temetese luh katresnan  
Manjing rasa jati sepi  
Sepi  
(Da. GTR 13)

Geguritan sing kapisan kang ngandhut anane majas repitisi yaiku geguritan kanthi irah-irahan “Dakanggit” (Da) kang manggon ana ing antologi geguritan *Layang saka kekasih*. Diarani kalebu majas repitisi amarga sajrone geguritan kasebut ana tembung sing dibaleni. Fungsine kanggo menahi penegasan sajrone geguritan kasebut, luwih cethane bisa diwawas ing cuplikan. Ing kene sing nuduhake majas repitisi yaiku tembung “sepi”, amarga tembung kasebut dibolan-baleni sajro cuplikan geguritan kasebut. Tembung “sepi” dibaleni amarga kanggo negesake yen ta paraga sajrone geguritan kasebut lagi manjing rasa sepi, mula cuplikan kasebut kalebu majas repitisi. Maksud saka cuplikan ing ndhuwur yaiku paraga ing geguritan kasebut manjing rasa sepi kanggo tujuwan supaya nyedhakake dhiri pribadine paraga karo Gustine. Majas iki negesake makna kanthi tembungge dibolan-baleni ana ing ukara utawa pada sabanjure. Penggurit nggunakake majas iki supaya bisa nambahi daya estetik ing geguritane. Saliyane kuwi uga ana maneh geguritan kang ngandhut anane majas repitisi, luwih cethane bisa diwawas ing cuplikan ngisor iki.

### 3. Majas Retoris

Majas retoris yaiku ungkapan pitakonan kang jawabane wis kinandhut sajrone pitakonan kasebut. Saliyane kuwi majas retoris uga bisa ditegesi minangka majas kang arupa ukara takon kang ora mbutuhake jawaban. Supaya luwih cetha ngenani majas retoris, bisa diwawas ing ngisor iki amarga dhata-dhata ing ngisor iki minangka wujud saka anane majas retoris:

Apa pitukone jiwa kang ngumbara  
Ngrabasa mega.. gunung.. alas  
Leliwungan  
(GGI. GTR 5)

Godhong garing kang kemleyang  
Kesapu angin kae... jiwaku ni..  
Ngumbara nglari layang rembulan  
**Apa sliramu bakal ngundha pitakon**  
(GGI. GTR 4)

Saka rong cuplikan ing ndhuwur, yaiku cuplikan ing ndhuwur kalebu majas retoris amarga rong cuplikan kasebut nduweni *kriteria* saka majas retoris yaiku anane ukara pitakon kang ora mbutuhake jawaban. Diarani ora mbutuhake jawaban amarga pitakonan ing cuplikan-cuplikan kasebut kanggo nambahi nilai estetik sawijine geguritan sarta ukara pitakonan ing kono nduweni tujuwan kanggo menahi penegasan, sindiran utawa nggugah pangrasa.

Bukti yen cuplikan kalebu majas retoris yaiku anane ukara pitakonan kang minangka dadi titikane majas retoris. Diarani ngandhut pitakonan amarga sajrone cuplikan kasebut ngandhut tembung “apa” kang minangka dadi titikane pitakonan. Maksud saka cuplikan kasebut yaiku negesake kanggo apa ta jiwa kuwi ngumbara nganti tumeka mega, gunung, lan alas. Yen dinalar, pitakonan kasebut nduweni maksud paraga sajrone cuplikan kasebut nggoleki katentreman uripe saengga jiwane bisa ngumbara

nganti ngrabasa mega. gunung lan alas. Majas iki negesake makna kanthi cara menahi pitakonan sing samesthine ora ditakokake. Penggurit nggunakake majas retoris sajrone cuplikan iki supaya geguritan kasebut nduweni kaendahan lan uga negesake makna. Dene ing cuplikan sabanjure uga kalebu majas retoris amarga sajrone cuplikan iki uga ana pitakonan kang minangka dadi titikane majas retoris. Sajrone cuplikan kang nuduhake pitakonan yaiku ana ing ukara “apa sliramu bakal ngundha pitakon”. Maksud saka pitakonan kasebut yaiku paraga ngibaratake dhiri pribadine kayata godhong garing kang kemleyang kesapu angin, tujuwane supaya mitrane paraga ing cuplikan kasebut bakal takon marang dheweke. Majas iki negesake makna kanthi cara menahi pitakonan sing samesthine ora ditakokake. Penggurit nggunakake majas retoris sajrone cuplikan iki supaya geguritan kasebut nduweni kaendahan lan uga negesake makna.

### 4. Majas Aferesis

Majas aferesis yaiku majas penegasan kanthi ngilangake huruf utawa wanda wiwitan (Ratna, 2013:439). Supaya luwih cetha ngenani majas aferesis, ing ngisor iki bakal ana cuplikan-cuplikan kang ngandharake ngenani majas aferesis.

Luwaring punagi  
Kekasihku  
Isih dakregem rapet jroning  
pasupenan  
(LKK. PD 1. GTR 3)

Diwawas saka ukarane cuplikan ing ndhuwur kagolongake majas aferesis. Aferesis yaiku majas penegasan kanthi ngilangake wanda wiwitan. Tembung kang kacetak kandel ing cuplikan kasebut minangka wujud majas aferesis. Amarga ing tembung kasebut wanda wiwitane ilang utawa ora ditulis dening pengarang utawa penggurit. Kayata ing cuplikan ing cuplikan kasebut tembung kang kacetak kandel yaiku “jroning” sing samesthine “sajroning”. Makna majas aferesis sajrone cuplikan “isih dakregem rapet jroning pasupenan” yaiku ngandharake penegasan yen janji kang nate diucapake dening kekasihe tansah dieling-eling lan ora bakal dilalekake. Saliyane cuplikan kasebut uga ana maneh cuplikan kang ngandhut anane majas aferesis sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* yaiku geguritan kanthi irah-irahan “Sepira Gedhening Sihmu” (SGS). Luwih cethane bisa diwawas ing cuplikan ngisor iki.

### Majas Pasemon utawa Sindiran Sajrone Antologi Geguritan Layang Saka Kekasih

Majas pasemon utawa sindiran yaiku lelewane basa kang digunakake kanggo nyindir utawa nyemoni sawijine pawongan utawa samubarang liya. Adhedhasar 20 geguritan saka antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa iki ana saperangan geguritan kang ngandhut anane majas sindiran. Majas sindiran kang kinandhut sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* iki ana telu, yaiku majas ironi, majas sinisme.

#### 1. Majas Ironi

Majas ironi yaiku salah sawijine majas sindiran kang sipate nyindir kanthi cara nyatakake kahanan kang ora sabener utawa sawalike. Tujuwane majas ironi iki kanggo ngandharake samubarang kanthi cara makna utawa

maksud sawalike saka apa kang kinandhut sajrone pangrakite tembung-tembung. Sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* ana geguritan kang ngandhut anane majas ironi, luwih cethane bisa diawas ing cuplikan ngisor iki.

Ora kaya janjimu  
Sing ginurit edi peni kaya dene  
geguritane  
prawan sumengit  
Sing nedheng mendem katresnan  
(KSJ. GTR 1-4)

Cuplikan ana sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Katresnan Saumur Jagung” iki kagolong majas ironi amarga ing cuplikan kasebut sipate nyindir kanthi cara nyatakake kahanan kang ora sabenere utawa sawalike. Cuplikan kasebut nuduhake yen sajrone geguritan “KSJ” ngandhut anane majas ironi. Maksud saka cuplikan kasebut yaiku janji kang diucapake dening pawongan liya kuwi manis banget nanging ing pungkasane janji kuwi mau ora kaya kang diucapake. Mula ing cuplikan iki kalebu majas ironi jalaran kahanan ing cuplikan kasebut dudu kahanan kang sabenerè, paraga ing kono nyindir marang sawijine pawongan kang nate janji marang dheweke, jebul kuwi mung dadi janji kang semu amarga janjine ora bisa dibuktekake. Majas iki nyindir kanthi cara ngandharake kahanan sing ora sabenere utawa sawalike kanggo nyindir sawijine pawongan.

## 2. Majas Sinisme

Majas sinisme yaiku majas sindiran kang nggunakake tembung-tembung kang ngandhut unsur ngenyek utawa ngece marang sawijine pawongan utawa sawijine kahanan. Luwih cethane ngenani majas sinisme bakal bisa diawas ing cuplikan ing ngisor iki.

**Apa katresnan kae mung dadi keluk**  
dadi beluk  
Sauntara ing plataran isih ana abange  
wora wari  
(SK. GTR 10-12)

Cuplikan diarani majas sinisme amarga ana ukara ing cuplikan kasebut kang ngandhut unsur pasemon. Kang nuduhake anane unsur ngenyek utawa nyemoni bisa ditemokake ing ukara kang unine “apa katresnan kae mung dadi keluk”. Maksud saka majas sinisme ing cuplikan yaiku nyemoni utawa nyindir marang sawijine pawongan kang ditresnani. Katresnan kang diduweni dening mitra paraga bisa diarani katresnan kang semu amarga ing kono katresnane digambarake kayata beluk. Kabeh pawongan bisa weruh yen beluk kuwi bakal ilang disapu angin. Mula paraga ing geguritan kasebut ragu marang katresnane pawongan kang ditresnani mula digambarake katresnane kaya-kaya beluk kang gampang ilang kesapu angin. Katresnan kae mung dadi beluk, ukara kasebut nyindir marang sawijine pawongan kang dianggep ora bisa nimbang katresnane paraga ing geguritan “SK”. Mula cuplikan ing ndhuwur kalebu majas sinisme amarga nduweni maksud nyemoni marang sawijine pawongan sing tresnane semu, lan pengarang nyindir pawongan kasebut lumantar ukara kang unine “apa katresnan kae mung dadi beluk”.

## PANUTUP

### Dudutan

Ing bab-bab sadurunge wis diandharake perangan ngenani majas kang ana sajrone antologi geguritan *Layang saka kekasih* anggitane R. Djoko Prakosa. Lelewane basa minangka cara ngungkapake gagasan lan pangrasa kanthi nggunakake basa kang khas utawa mligi kanthi kreatifitas pangarang kanggo nggayuh efek tartamtu yaiku efek estetik utawa efek keputisan lan efek-efek tartamtu yaiku efek estetik utawa efek keputisan lan efek nyiptakake makna. Asiling panliten nuduhake ana telung jinis majas kang asring digunakake dening R. Djoko Prakosa sajrone antologi geguritan “*Layang saka kekasih*”. Telung majas kasebut yaiku majas perbandingan, majas penegasan, majas sindiran.

Majas perbandingan ngemu 11 majas yaiku majas personifikasi, depersonifikasi, metafora, alegori, hiperbola, litotes, simile, hipalase, eponim, simbolik, lan antonomasia. Banjur majas penegasan ngemu patang majas yaiku majas pleonasmè, repetisi, retorik utawa erotesis, lan aferesis. ing pungkasan yaiku majas sindiran ngemu 2 majas yaiku majas ironi lan majas sinisme.

Adhedhasar maneka werna majas kang wis diandharake ing ndhuwur mula bisa ditegesi majas perbandingan minangka majas kang paling onjo sajrone antologi geguritan LSK mligine majas hiperbola. Majas kasebut paling asring digunakake dening pangarang anggane nggurit sajrone antologi geguritan LSK. Dhata kang ditemokake ngenani majas hiperbola cacahé akeh dhewe tinimbang majas-majas liyane.

Majas hiperbola minangka majas sing sipate diluwih-luwihake utawa digedhe-gedhekake saka kasunyatan. Hiperbola kang asring digunakake sening R. Djoko Prakosa anggane nggurit yaiku tumindak-tumindak kang ditindakake sajrone geguritan yen dinalar mokal bakal kedadeyan utawa ora mungkin bisa ditindakake ing donya kasunyatan. Nanging kuwi sing bisa nggawe geguritan katon endah, amarga basa kang khas digunakake ksnthi sipat majas hiperbola bisa nggawa pangrasane pamaca kanggo ngrasakake lan mbayangake kahanan sajrone geguritan kasebut.

Adhedhasar andharan asiling panliten makna kang asring ditemokake sajrone antologi geguritan LSK anggitane R. Djoko Prakosa yaiku makna konotatif utawa makna ora langsung. Akeh panggambaran lan perlambangan kanggo ngandharake makna sing sabenere. Anane perlambangan utawa simbol kang digunakake pangarang nuwuhake maneka werna penafsiran dening pamaca mula makna kang kinandhut sajrone geguritan minangka makna konotatif utawa makna ora sabenere utawa makna ora langsung.

Diarani ora langsung amarga anggane ngandharake isi geguritan R. Djoko Prakosa ora nuduhake kanthi cetha. Nanging lumantar panggambaran utawa persimbolan makna saka geguritan diandharake. Mula kanggo nangkap makna sing dimaksud ora mung dibutuhake maca sepisan. Tujuwane pangarang nggunakake perlambangan sajrone ngandharake isi geguritan yaiku kanggo nambahi nilai estetike.

### **Pamrayoga**

Panliten iki kaajab bisa nambahi wawasan ngenani lelawane basa sajrone karya sastra tumrap panulis lan pamaca. Panliten iki mligine ngandharake ngenani pemajasan. Miturut jinise, majas diperang dadi maneka warna. Mula kanthi anane panliten iki dikarepake bisa menahi kawruh ngenani panliten kang nengenake ing babagan permajasan.

Panliti nduweni pangajab panliten kasebut nduweni paedah kanggo nyengkuyung ngrembakane kasusastran Jawa modern mligine ing geguritan. Panliten iki uga dikarepake bisa menahi pasinaon tumrap pamacane. Amarga akeh piwulangan sing bisa disinaoni sajrone antologi geguritan "*Layang saka kekasih*" anggitane R. Djoko Prakosa. Panliten iki dikarepake bisa menahi referensi lan bisa mbiyantu tumrap panliten sabanjure kang saemper supaya bisa luwih apik lan ngrembaka. Sarta panliti nduweni pangajab panliten iki bisa migunani kanggo para pangarang utawa sastrawan supaya bisa luwih ngrembakake kreatifitase anggone nyiptakake sawijine karya sastra mligine geguritan.

### **KAPUSTAKAN**

Aminuddin. 1995. *Stilistika Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.

Arikunta, Suharsini. 2010. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata Sastra*. Yogyakarta: Pustaka R.I

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Kamus Besar Bahasa Indonesia. 1996. Jakarta: Balai Pustaka

Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama

Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Padmosoekatja. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta: Panitya Bahasa Djawa

Pradopo, Rachmat Djoko. 2012. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Prakosa, R. Djoko. 2011. *Layang saka kekasih*. Yogyakarta: Elmatera Publishing

Ratna, Nyoman. 2016. *Stilistika Kajian Pustaka Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka pelajar

Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti

Teew, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya

Triningsih, Diah Erna. 2009. *Diksi (Pilihan Kata)*. Klaten: PT Intan Pariwara

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

